

MEMORANDÒM

POU : Komite Skolè a

KI SOT NAN MEN : Megan Costello, Konseyè Prensipal
Jeremiah Hasson, Direktè Relasyon Travay

KOPI POU : Sipèntandan Pwovizwa, Doktè Drew Echelson

DAT : 14 septanm, 2022

OSIJÈ : Akò Negosyasyon Kolektif ant BTU (Sendika Pwofesè Boston an) ak BPS (Lekòl Piblik Boston), ane skolè 2021 jiska 2024

Prezantasyon aswè a ap bay yon rezime jeneral sou akò pwovizwa ki te fèt ant Lekòl Piblik Boston ak Sendika Pwofesè Boston an (BTU) konsènan akò negosyasyon kolektif la pou ane skolè 2021 jiska 2024.

Ou kapab jwenn akò pwovizwa siyen an nan [lyen sa a](#).

Objektif nou pou negosyasyon kontra ane skolè 2021 jiska 2024 la se te pou n pwodui yon kontra pou soutni bonjan rannman nan men elèv yo. Nan akò negosye sa a w ap jwenn plizyè bagay ki va ede nou fè rekritman e prezève yon mendèv ki divèsifye e ki gen anpil talan. Jis pou n lonmen kèk nan bagay sa yo, n ap gen : konje peye pou paran regle afè paran pou pitit yo, ranbousman pou skolarizasyon, òdinatè pòtatif (laptòp) ak yon to kouvèti ogmante pou parapwofesyonèl nou yo (sètadi : asistan nou yo).

Epitou w ap jwenn yon aksan pwofon nou mete sou fason n ap sèvi elèv sila nou yo ki pi vilnerab (sètadi : ki gen mwens defans). Nou arive negosye nan kontra a yon remaniman total langaj enklizyon an. Nou kòmanse avèk yon vizyon pataje epitou nou bay sendika BTU a divès kòmantè ak asirans enpòtan konsènan divès sipò ak resous ki nesèsè pou elèv yo evolye.

Nouvo langaj kontra sa a bay distri a yon opòtinite pou l travay an kolaborasyon avèk patnè nou yo nan sendika a sou travay enpòtan sa a. Nou espere pataje plis detay avè w aswè a sou nouvo kontra enteresan sa a.